



AVI REKRITMAN

Fakilte Lengwistik Aplike (FLA) Inivèsite Leta Ayiti swete angaje yon teknisyen nan ekip li pou egzekisyon objektif 3 pwojè *Edukayiti* a (Ranfòsman sèvis edikatif nan Sidès Ayiti ak amelyorasyon kalite ansèyman an nan premye sik lekòl fondamantal). Objektif 3 a vize elabore yon metòd literasi pou premye sik fondamantal. Se Inyon Ewopeyèn ak Ajans espanyòl pou koperasyon entènasyonal pou devlopman ki finanse pwojè a.

Teknisyen an ap genyen pou akonpànye ekip FLA a nan eksperimentasyon, egzekisyon, evalyasyon metòd FLA elabore a nan kad pwojè a. Li ap patisipe nan preparasyon rapò final pwoesisis la nan finisman pwojè a.

Li dwe disponib tousuit pou kòmanse travay a tan plen. Espas travay li se FLA, men genyen deplasman nan Sidès oubyen lòt kote selon bezwen pwojè a. Si yon sitiyasyon ta fè li pa ka vin travay FLA a, responsab pwojè a nan FLA kapab mande li travay a distans.

Deskripsiyon travay ak responsabilite :

Teknisyen an ap:

- pote sipò li nan egzekisyon pwojè literasi a ;
- kolabore avèk ekip FLA a pou asire aplikasyon metòd la bay meyè rezulta posib ;
- prepare modil fòmasyon epi anime seyans fòmasyon sou gramè ak ôtograf kreyòl epi fransè kòm 2^{èm} lang oswa lang etranje pou anseyan 1^e ak 2^{èm} ane fondamantal nan 15 lekòl ki nan pwojè a ;
- Rete an kontak pèmanan epi fè suivi avèk 3 mentò ki ap travay sou eksperimentasyon metòd la nan 15 lekòl yo ;
- analize done sou eksperimentasyon metòd la epi fè sijesyon pou amelyore oubyen adapte aplikasyon metòd la ;
- fè pwopozisyon sou pwen nan metòd la ki ta merite entèvansyon ekip FLA a pandan peryòd eksperimentasyon an ;
- patisipe nan elaborasyon pwogram ak plan fòmasyon nan kad pwojè a ;
- patisipe nan tout lòt aktivite ki nesesè pou reyisit pwojè a.

Pwofil ak eksperyans teknik e pwofesyonèl

Kandida a dwe genyen :

- Yon diplòm lisans (pou pi pitii) nan lengwistik
- 2 ane eksperyans pou pi piti nan egzekisyon pwogram edikatif ki sanble ak pwojè *Edukayiti a*, se yon atou
- Eksperyans nan elaborasyon modil fòmasyon
- Kapasite pou kolekte epi analize done nan domèn ki konsène pwojè a
- Kapasite pou anime fòmasyon yon piblik divèsifye
- Bon konesans sou sistèm edikatif ayisyen an
- Bon jan konesans sou fonksyònman lengwistik ak sosyolengwistik kreyòl ayisyen an
- Bon konesans nan fonksyònman zouti enfòmatik, entènèt, teknoloji komunikasyon
- Kapasite pou aprann nouvo konsèp, devlope nouvo sijè rechèch ak refleksyon epi apwofondi konesans li ladan yo
- Bon kapasite nan relasyon ak moun epi ezans nan komunikasyon an kreyòl ayisyen e an fransè
- Eksperyans nan domèn rechèch nan lengwistik an rapò avèk edikasyon.

Dosye kandidati a dwe genyen :

- Yon lèt motivasyon kote kandida a ap eksplike fason li konprann travay li genyen pou founi an ;
- Yon kourikoulòm vite ki fèk prepare ;
- Prèv diplòm avèk eksperyans travay ;
- Kopi matrikil fiskal ak nimewo idantifikasyon inik.

Depo kandidati

Moun ki enterese yo ka voye dosye kandidati yo bay Sekretarya jeneral FLA a nan adrès elektwonik fla@ueh.edu.ht pou pi ta 30 novanm 2023 a 3 zè 59 nan aprèmidi. Tout eleman dosye a dwe nan yon sèl fichye zipe.

N.B.: Kandida dosye yo respekte kritè seleksyon yo ap resevwa yon envitasyon pou patisipe nan yon antrevi nan FLA apre etid dosye yo. Nan okazyon sa a, yo kapab mande li montre kopi memwa lisans li kòm premye travay rechèch li pwodui.